

Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU RETABLI AK DOUBLE
PWOGRAM KAMERA VITÈS NAN VIL NEW YORK LI PRAL ANTRE NAN
BIDJÈ EGZEKITIF 2019 LA**

***Lejislasyon ta Dwe Retabli ak Ogmante Kantite Zòn Lekòl Pwoteje ak Kamera
Vitès pou fè yo Pase de 140 a 290 ak Ogmante Zòn Kote yo ka Plase Kamera***

***Sa ki Swiv Lòd Ijans an Out pou Retabli Tanporèman ak Ogmante Pwogram nan
Aprè Sena Repibliken yo te Refize Pwolonje Lwa ki Ka Sove Vi a***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwopozisyon pou retabli fòmèlman pwogram kamera vitès la nan Vil New York ak ogmante plis pase doub fwa zòn yo nan Bidjè Egzekitif 2019 la. Kamera vitès te revele yo efikas nan redui aksidan machin ak ogmantasyon to sivi nan zòn lekòl yo, men an 2018 Sena ke Repibliken ap dirije a te bloke pasaj lejislasyon ki te ka pèmèt pwogram nan kontinye. An repons, Gouvènè Cuomo te deklare yon Eta Ijans pou retabli pwogram nan tanporèman. Nouvo pwopozisyon bidjè Gouvènè a ta dwe retabli ak ogmante pwogram nan atravè estati ak ogmante kantite zòn lekòl ki afekte yo soti nan 140 rive nan 290.

“Genyen prèv endiskitab ke kamera vitès yo sove vi, epi antanke sèvitè piblik nou dwe sèvi ak tout zouti disponib pou pwoteje timoun nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aprè Sena Repibliken an te refize san li pa jennen pwolonje pwogram sa a k ap sove vi, mwen te deklare yon Eta Ijans avan kòmansman ane lekòl la pou kite kamera yo fonksyone nan fason tanporè. Ak nouvo pwopozisyon sa a nou pral non sèlman retabli pwogram nan, nan fason li ta dwe fèt pou kòmansman - nou pral ogmante kantite kamera pou pwoteje plis timoun epi anpeche trajedi ak soufrans inital.”

Anplis ogmantasyon zòn lekòl ke pwogram nan ap kouvri, pwopozisyon Gouvènè a ta dwe tou bay pano pou bay avi sou prezans kamera yo epi ogmante zòn kote yo ka plase kamera yo. Se Vil New York k ap dirije pwogram nan k ap detèmine kantite kamera pou chak zòn lekòl.

An 2013, Gouvènè Cuomo te siyen yon pwojè lwa pou otorize Vil New York pou devlope yon sistèm k ap avanse sekirite otowout zòn lekòl yo ak itilizasyon teknoloji kamera pou anrejistre ak ranfòse vyolasyon limit vitès. Yo te ogmante pwogram nan pou otorize deplwaman kamera vitès nan 140 zòn lekòl atravè Vil New York nan ane ki ta pral vini a.

An 2018, Sena Eta New York la te fini seyans lejislativ li a san li pa poze aksyon pou pwolonje pwogram kamera vitès la, nan ka sa a li te mete fen yon pwogram ki efikas anpil ki te demontre ak reyisi pwoteje timoun lekòl kont chofè danjere. An Out, Gouvènè

Cuomo te deklare yon Eta Ijans pou retabli tanporèman pwogram nan yon fason pou asire sekirite timoun lekòl ak paran yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)